



The Commonwealth of Massachusetts

DEPATMAN SÈVIS PIBLIK (D.P.U.)

D.P.U. 21-50-A

23 fevriye 2024

Avi Ankèt Depatman Sèvis Piblik yo sou pwòp mosyon li sou pwosedi pou amelyore sansibilizasyon ak patisipasyon piblik la nan pwosedi li yo.

ÒDONANS KI ETABLI RÈGLEMEN SOU NIVO AK SANSIBILIZASYON

TABDÈMATYÈ

I.	ENTWODIKSYON AK ISTORIK PWOSEDI	1
II.	PWOJÈ RÈGLEMAN AK TABLO NIVO.....	3
III.	REZIME KÒMANTÈ YO	6
	A. Pwopozisyon sou Nivo.....	6
	1. Kritè Nivo 1	6
	a. CLF ak EDF.....	6
	b. BEAT.....	6
	c. Konpayi Distribisyon.....	6
	2. Detèminasyon Nivo.....	7
	B. Sansibilizasyon Petisyonè.....	8
	1. Kalandriye Sansibilizasyon.....	8
	a. Pwokirè Jeneral.....	8
	b. CLF ak EDF.....	9
	c. BEAT	9
	2. Kontni pou Plan Sansibilizasyon Petisyonè yo.....	9
	a. Pwokirè Jeneral.....	9
	b. DOER.....	10
	c. CLF ak EDF.....	10
	d. BEAT	10
	3. Egzijans pou Sansibilizasyon.....	10
	a. Pwokirè Jeneral.....	10
	b. DOER.....	11
	c. CLF ak EDF.....	12
	d. PLAN	13
	e. Konpayi Distribisyon.....	13
	4. Egzijans pou Tradiksyon ak Entèpretasyon	15
	a. Pwokirè Jeneral.....	15
	b. CLF ak EDF.....	15
	c. Konpayi Distribisyon	15
	5. Sipèvizyon Sansibilizasyon Petisyonè yo.....	15
	a. Entwodiksyon	15
	b. Kòmantè.....	16
	i. Pwokirè Jeneral.....	16
	ii. DOER.....	16
	iii. CLF ak EDF.....	16
	iv. Konpayi Distribisyon	16
	C. Konsiderasyon Adisyonèl	17
	1. Itilizasyon Opinyon Pati Konsène yo	17
	2. Kominikasyon Anyèl ak Kliyan yo.....	17
	a. Entwodiksyon	17

b.	Kòmantè.....	17
i.	CLF ak EDF.....	17
ii.	PLAN.....	18
iii.	Konpayi Distribisyon.....	18
3.	Apwòch Gradyèl sou Aplikasyon Inisyal Sansibilizasyon.....	19
a.	Entwodiksyon.....	19
b.	Kòmantè.....	19
i.	CLF ak EDF.....	19
ii.	PLAN.....	19
iii.	Konpayi Distribisyon.....	19
IV.	ANALIZ AK KONKLIZYON.....	20
A.	Pwopozisyon sou Nivo.....	20
1.	Kritè Nivo 1.....	20
2.	Detèminasyon Nivo.....	22
B.	Sansibilizasyon Petisyonè.....	24
1.	Kalandriye Sansibilizasyon.....	24
2.	Kontni Plan Sansibilizasyon Petisyonè yo.....	25
3.	Egzijans Sansibilizasyon.....	26
4.	Egzijans Tradiksyon ak Entèpretasyon.....	28
5.	Sipèvizyon Sansibilizasyon Petisyonè yo.....	31
C.	Konsiderasyon Adisyonèl.....	32
1.	Itilizasyon Opinyon Pati Konsène yo.....	32
2.	Kominikasyon Anyèl ak Kliyan yo.....	33
3.	Apwòch Gradyèl sou Aplikasyon Inisyal Sansibilizasyon.....	34
V.	KONKLIZYON.....	34
VI.	ÒDONANS.....	35
D.P.U. 21-50-A,	ANÈKS A: RÈGLEMAN SOU NIVO AK SANSIBILIZASYON.....	1
1.	Kalite Pwosedè.....	1
2.	Egzijans Sansibilizasyon pou Chak Nivo.....	2
a.	Pwosedè Nivo 1.....	2
b.	Pwosedè Nivo 2.....	3
c.	Pwosedè Nivo 3.....	4
d.	Pwosedè Tout Nivo yo.....	4
3.	Plan Sansibilizasyon Petisyonè yo.....	4

I. ENTWODIKSYON AK ISTORIK PWOSEDI

Nan dat 16 Avril 2021, Depatman Sèvis Piblik yo (“Depatman”) te pibliye yon Vòt ak Òdonans ki te louvri ankèt sa a pou egzamine amelyorasyon pwosedè yo nan egzijans opinyon piblik li yo pou ogmante sansibilizasyon ak patisipasyon piblik la nan pwosedè Depatman an. Depatman an enskri pwosedè sa a nan nimewo D.P.U. 21-50.

Nan dat 28 desanm 2022, aprè li te resevwa kòmantè divès moun ak antite, epi li te òganize yon tab wonn vityèl ak pati ki konsène yo an kowòdinasyon ak Komisyon Konsèy sou Enplantasyon Enstalasyon Enèji (Energy Facilities Siting Board, “EFSB”)¹ yo, Depatman an te pibliye yon Òdonans Entèlokitwa ak Pwojè Règleman sou Amelyore Sansibilizasyon ak Patisipasyon Piblik la (“Pwojè Règleman”), avèk yon demann pou kòmantè sou Pwojè Règleman an ki te etabli nan paj 8-9. D.P.U. 21-50, nan 9-10. Depatman an te devlope Pwojè Règleman an pou sipòte objektif angajman piblik Depatman an pandan l ap konsilye dwa pati yo nan yon revizyon efikas sou pwopozisyon yo sou plan administratif, enterè pati konsène yo ak manm piblik la, ak depans pou mennen yon pwosedè. D.P.U. 21-50, nan 7. Pwojè Règleman an te pwopoze pou yo regwoupe pwosedè Depatman yo nan twa nivo diferan, tou depan de kompleksite ak enpòtans ka a, ak diferan egzijans piblikasyon ak sansibilizasyon apwopriye pou chak nivo. Pwojè Règleman § 1. Plis detay konsènan Pwojè Règleman yo tabli anba a.

¹ EFSB -- ki te louvri pwòp pwosedè pa l pou egzamine amelyorasyon pwosedè yo, te responsab antanke EFSB21-01-- pou revize pwojè gwo enstalasyon enèjetik yo, ki gen ladan santral elektrik, liy transmasyon elektrik, konpayi gaz natirèl ak tank depo gaz natirèl andedan eta a. Gade jeneralman G.L. c. 164, §§ 69H – 69Q. Pandan ke Depatman an ap sipòte travay EFSB sou plan administratif, EFSB pa anba sipèvizyon ak kontwòl Depatman an e li pran desizyon li yo poukont li. G.L. c. 164, § 69H; gade tou Depatman Sèvis Piblik yo, Konsèy sou Enplantasyon Enstalasyon Enèji yo, <https://www.mass.gov/orgs/energy-facilities-siting-board> (vizite dènye fwa nan 3 desanm 2023).

20 Janvye 2023, antite sa yo te bay kòmantè sou Pwojè Règleman an: (1) Pwokirè Jeneral Commonwealth Massachusetts (“Prokirè Jeneral”); (2) Depatman Resous Enèji Massachusetts (“DOER”); (3) Fondasyon Lwa Konsèvasyon (“CLF”); (4) Pipe Line Awareness Network for the Northeast, Inc (“PLAN”); (5) Vil Hopkinton; (6) Fon Defans Anviwònman (“EDF”), Gwoup Rezidan nan Boston, ak Vote Solar ansanm; epi (7) konpayi distribisyon yo ansanm². Aprè yo te fin revize kòmantè yo, Depatman an te anonse ke li ta ka fè yon konferans teknik vityèl pou diskite sou sèten detay sou Pwojè Règleman an. D.P.U. 21-50, Memorandòm Ofisye Odyans Anonse Konferans Teknik (ki nan dat 10 jen 2023; pibliye 27 jen 2023). Avan konferans teknik la, Depatman an te pibliye yon ajanda ki te gen ladann yon tablo nivo ke yo te pwopoze ki klase pwosedi espesifik Depatman yo pa nivo; lòt pwen nan ajanda a te gen ladann detay konsènan sansibilizasyon petisyonè yo ak itilizasyon rezime nan langaj klè. D.P.U. 21-50, Memorandòm Ofisye Odyans yo sou Ajanda Konferans ak Gid Teknik (11 jiyè 2023).

Yon pakèt nan pati konsène ki enterese yo te patisipe nan konferans teknik 24 jiyè 2023 a, tankou: (1) Pwokirè Jeneral la; (2) DOER; (3) CLF; (4) PLAN; (5) EDF; (6) Gwoup Rezidan nan Boston; (7) Vote Solar; (8) Konpayi Elektrisite NSTAR, Konpayi Gaz NSTAR, ak Konpayi Gaz Eversource nan Massachusetts, chak d/b/a Eversource Energy; (9) Konpayi Gaz nan Boston, Konpayi Elektrisite nan Massachusetts, ak Konpayi Elektrisite nan Nantucket, chak d/b/a National Grid; (10) Liberty Utilities (Konpayi Gaz nan New England) Corp. d/b/a Liberty; (11) Konpayi Gaz Berkshire; epi (12) Konpayi Elektrisite ak Gaz Fitchburg d/b/a Unitil.

² Konpayi distribisyon sa yo te soumèt kòmantè komen: Konpayi Gaz nan Boston, Konpayi Elektrisite nan Massachusetts, ak Konpayi Elektrisite Nantucket, chak d/b/a National Grid; Konpayi Elektrisite NSTAR, Konpayi Gaz NSTAR, ak Konpayi gaz Eversource nan Massachusetts, chak d/b/a Enèji Eversource; Liberty Utilities (Konpayi gaz nan New England) Corp. d/b/a Liberty; Konpayi Gaz Berkshire; ak Konpayi Elektrisite ak Gaz Fitchburg d/b/a Unitil.

Après konferans teknik la, Depatman an te chèche kòmantè ekri nan lis distribisyon an pou pwosedi sa a sou pwoblèm yo te diskite nan konferans teknik la. Anplis de sa, jan yo te mande nan konferans teknik la, Depatman an te voye pou patisipan yo pa imèl yon lis kesyon yo te poze nan konferans teknik la e li te envite yo kòmante sou yo. Antite sa yo te bay kòmantè an Out 2023: (1) Pwokirè Jeneral la; (2) DOER; (3) CLF ak EDF ansanm; (4) PLAN; (5) Ekip Aksyon Anviwònman Berkshire (“BEAT”); ak (6) konpayi distribisyon yo ansanm³.

Anjeneral, moun k ap fè kòmantè yo sipòte règleman sou nivo ak sansibilizasyon Depatman an pwopoze, jan sa endike nan Pwojè Règleman ak tablo nivo yo te pwopoze a, men yo rekòmande sèten modifikasyon. Nan Òdonans sa a, Depatman an rezime kòmantè yo, adrese modifikasyon nan Pwojè Règleman an ak tablo nivo yo, epi li bay Règleman Nivo ak Sansibilizasyon li yo.

II. PWOJÈ RÈGLEMAN AK TABLO NIVO

Nan Pwojè Règleman li a, Depatman an te deklare ke diferan kalite pwosedi yo ta dwe merite diferan nivo piblikasyon ak sansibilizasyon, ak sèten pwosedi ki benefisye pi wo nivo piblikasyon ak sansibilizasyon ak ka ki mwens enpòtan ak woutin ki mande mwens piblikasyon ak sansibilizasyon. Pwojè Règleman § 1. Pwojè Règleman an te endike tou ke, lè w ap fè yon depo pandan pou chèche revizyon ak apwobasyon Depatman an, petisyonè an dwe akonpaye depo a ak yon plan sansibilizasyon ki gen rapò ak sijè a epi ak pòte jeyografik demann nan a epi ki konpatib avèk nivo egzamen yo egzije pou nivo li ladann nan. Pwojè Règleman § 2.

³ Pifò nan kòmantè yo te soumèt aprè konferans teknik la te sanble anpil ak sa yo te bay sou Pwojè Règleman an nan dat 20 janvyè 2023, oswa pwoblèm yo te soulve andeyò sijè ki abòde nan Òdonans sa a. An konsekans, Òdonans sa a fokis sou dènye kòmantè yo soumèt yo.

Pwojè Règleman an te bay kritè pou diferan nivo pwosedi yo kòm gid pou petisyonè yo sou nivo piblikasyon ak sansibilizasyon yo espere pou chak kalite pwosedi; Depatman an te remake, sepandan, li ta ka detèmine anba ki nivo chak pwosedi tonbe sou yon baz ka-pa-ka. Pwojè Règleman § 1. Pwosedi Nivo 1 yo ta dwe “pwosedi majè, enpòtan, (ki ka gen ladan ka tarif distribisyon debaz gaz oswa elektrisite oswa inisyativ chanjman enpòtan nan règleman) oswa pwosedi ki gen gwo enpak jeyografik espesifik sou popilasyon jistis anviwònman (“EJ”) (jan enfòmasyon ak kat EJ Massachusetts idantifye li, <https://www.mass.gov/environmental-justice>).” Pwojè Règleman § 1. Pwosedi Nivo 2 yo ta dwe anglobe majorite pwosedi yo, ki gen ladann deklarasyon tarif, règleman ak pwosedi ki egzije odyans piblik (ki ka gen ladan inisyativ pou chanjman règleman Depatman an, pwosedi pou fè règ, ak plan previzyon ak rezèv gaz). Pwojè Règleman § 1. Pwosedi Nivo 3 ta ka gen ladan pwosedi woutin ki pa enkli yon odyans piblik (ki gendwa gen ladann fichye anyèl pou fikse tarif yo (pa egzanp, fichye faktè ajisteman gaz, fichye sèvis debaz yo, fichye verifikasyon), fichye kalite sèvis, ak fichye enfòmasyon). Pwojè Règleman § 1.

Pwojè Règleman an prevwa anplis egzijans piblikasyon ak sansibilizasyon sa yo pou chak nivo. Pwosedi Nivo 1 ta ka resevwa: (1) piblikasyon enpòtan sou sit entènèt petisyonè a; (2) piblikasyon nan jounal; (3) sansibilizasyon ak moun ki enterese ak lis sèvis yo; (4) notifikasyon imèl bay kliyan yo; (5) sansibilizasyon ak lidè minisipal ak kominotè yo; (6) pòs sou rezo sosyo; (7) ensèsyon nan bòdwo pou ka tarif distribisyon debaz ak inisyativ chanjman règleman enpòtan yo; epi (8) sèvis tradiksyon opinyon ak entèpretasyon nan odyans piblik yo. Pwojè Règleman § 1.

Pwosedri Nivo 2 yo ta ka resevwa: (1) piblikasyon enpòtan sou sit entènèt petisyonè a;⁴ (2) piblikasyon nan journal; epi (3) sansibilizasyon ak moun ki enterese ak lis sèvis yo. Pwojè Règleman § 1. Pwosedri Nivo 3 yo ta ka resevwa: (1) piblikasyon enpòtan sou sit entènèt petisyonè a; epi (2) sansibilizasyon ak lis sèvis yo. Pwojè Règleman § 1.

Anvan konferans teknik 24 jiyè 2023 a, Depatman an te pwopoze yon tablo nivo pou diskisyon. D.P.U. 21-50, Memorandòm Ofisye Odyans sou Konferans Teknik (11 jiyè 2023). Tablo nivo a te espesifye ki kategori majorite pwosedri Depatman an fè pati, olye ke bay kritè pou detèminasyon sou baz ka pa ka. Tablo Nivo a te bay plis klarifikasyon tou sou kalite pwosedri ki ta ka tonbe nan Nivo 1. An patikilye, tablo nivo a te espesifye ke pwosedri Nivo 1 yo “gen yon gwo enpak jeyografik espesifik sou yon popilasyon EJ ke rès teritwa sèvis la pa t pataje” D.P.U. 21-50, Memorandòm Ofisye Odyans sou Konferans Teknik nan 2 (11 jiyè 2023). Kidonk, nan pwopoze pou sèvi ak tablo nivo a, Depatman an t ap chèche eksplòre yon chanjman nan apwòch li soti nan yon detèminasyon nivo ka pa ka Depatman an te fè nan atant ke yon petisyonè ta ka refere l a tablo nivo a epi prepare yon plan sansibilizasyon ki konfòm ak etap ki nan nivo ki etabli pou kalite pwosedri sa a.

⁴ Depatman an rekonèt ke ka genyen kèk ti petisyonè ki pa genyen yon sit entènèt, tankou koutye yo. Kidonk, pou pwosedri sa yo ki enplike ti petisyonè ki pa genyen yon sit entènèt, Depatman an pral renonse ak egzijans sa a.

III. REZIME KÒMANTÈ YO

A. Pwopozisyon Nivo

1. Kritè Nivo 1

a. CLF ak EDF

CLF ak EDF rekòmande pou Depatman an defini pwosedi Nivo 1 yo ak yon "enpak jeyografik espesifik enpòtan sou yon popilasyon jistis anviwònman ("EJ")" nan yon fason ki reflete efè pwosedi a sou yon popilasyon EJ jan yo gen rapò ak: (1) pirifye lè a ak dlo; (2) espas vèt; (3) sante piblik; (4) enpak zile cho; (5) transpò piblik ak enfrastrikti woutyè; (6) enpak estetik; (7) enpak ekonomik alontèm sou popilasyon EJ ki konsène; epi (8) tout pwojè ki ka lakòz yon ogmantasyon nèt nan emisyon gaz ki lakòz efè tèmik ("GHG") pandan lavi pwojè a (Kòmantè CLF ak EDF nan 4).

b. BEAT

BEAT deklare ke sistèm nivo yo pwopoze a reprezante yon bon demaraj nan fòmilasyon yon règleman, men li di ke tèm tankou "majè", "enpòtan" ak "fondamantal" ka twò jeneral epi, kidonk, pa ta dwe itilize kòm kritè pou detèmine nivo yon pwosedi Depatman (Kòmantè BEAT nan paj 1). Olye de sa, BEAT rekòmande pou Depatman an mennen yon pwosesis odyans piblik pou revize kritè nivo li yo (Kòmantè BEAT nan paj 1).

c. Konpayi Distribisyon

Konpayi distribisyon yo rekòmande pou defini tèm " enpak jeyografik espesifik enpòtan" pou endike yon efè materyèl, anviwònmantal alontèm oswa ekonomik sou yon popilasyon EJ (Komantè Konpayi Distribisyon nan paj 9). Konpayi distribisyon yo fè konnen tou ka EFSB yo,

depo yo fèt dapre G.L. c. 164 § 72,⁵ ak egzansyon dekoupaj teritwa pa ta dwe monte nan nivo yon pwosedi Nivo 1, paske pwojè sa yo limite jeyografikman epi yon avi jeneral ka kreye enkyetid inital, kontribiye nan fatige ak avi yo, epi ankouraje potansyèlman entèvansyon ki inital ki ta sèvi sèlman pou retade revizyon pwojè a (Kòmantè Konpayi Distribisyon nan paj 9). Altènativman, konpayi distribisyon yo rekòmande pou Depatman an klarifye nan règleman final li ke fichye sa yo egzije yon avi jeyografik espesifik adisyonèl men se pa yon avi pi laj atravè teritwa sèvis konpayi distribisyon an (Komantè Konpayi Distribisyon nan paj 9).

2. Detèminasyon Nivo

Pwokirè Jeneral la ankouraje Depatman an pou l enkòpore nan règleman final li a yon kalandriye fòmèl ak dat limit pou petisyonè yo mande yon detèminasyon nivo nan men Depatman an epi pou Depatman an bay detèminasyon nivo li yo (Komantè Pwokirè Jeneral la nan paj 5). Pwokirè Jeneral la rekòmande tou pou yo tabli detèminasyon nivo pou pwosedi Nivo 1 ak Nivo 2 byen bonè nan pwosesis la pou pèmèt petisyonè yo gen ase tan pou prepare yo epi pou yo fè sansibilizasyon kominotè anvan yo depoze yon petisyon nan Depatman an (Komantè Pwokirè Jeneral la nan paj 5).

Anplis de sa, Pwokirè Jeneral la rekòmande pou Depatman an deklare klèman nan règleman final la ke Depatman an kapab ogmante men li p ap diminye nivo yon pwosedi (Kòmantè Pwokirè Jeneral nan paj 5). Pwokirè Jeneral la rekòmande tou pou Depatman an

⁵ Lwa Jeneral c. 164, § 72 se yon lwa ki pèmèt Depatman an otorize konpayi elektrisite yo pran pa domèn eminan tè sa yo, oswa dwa pasaj sa yo oswa lòt sèvitid ki nesèsè pou konstriksyon ak itilizasyon oswa itilizasyon kontinyèl jan yo te konstwi oswa ak konstriksyon modifiye liy sa yo sou wout la ki preskri nan òdonans Depatman an. Boston Edison Company, D.T.E. 99-57, nan 1 (1999).

tabli yon mekanis kote Depatman an ka chanje detèminasyon nivo li oswa etap nivo li pa defo pwosedi ki baze sou opinyon pati konsène yo (Kòmantè Pwokirè Jeneral la nan paj 5). Finalman, Pwokirè Jeneral la ankouraje Depatman an pou l enkòpore nan politik final li a: (1) yon pwosesis kote pati konsène yo ka mande pou rekonsidere detèminasyon nivo inisyal Depatman an; epi (2) paramèt ki pèmèt Depatman detèmine lè li pral, poukont li, elve etap nivo yon pwosedi (Kòmantè Pwokirè Jeneral nan paj 6).

B. Sansibilizasyon Petisyonè

1. Kalandriye Sansibilizasyon

a. Pwokirè Jeneral

Pwokirè Jeneral la deklare ke petisyonè yo ta dwe oblije mennen aksyon sansibilizasyon nan kòmansman yon pwosedi pou asire ke pati konsène yo gen yon opòtinite pou yo patisipe efektivman nan pwosedi a (Kòmantè Pwokirè Jeneral la nan paj 8). Pou pwosedi Nivo 1 ak Nivo 2, Pwokirè Jeneral la afime ke li ta ka apwopriye pou petisyonè yo mennen aksyon sansibilizasyon avan yo fè yon depo nan Depatman an pou yo ka enkòpore fidbak pati konsène yo nan depo petisyonè a (Kòmantè Pwokirè Jeneral la nan paj 8). Pwokirè Jeneral la fè konnen, sepandan, Depatman an ta dwe chèche opinyon nan men pati konsène ki enterese yo sou kalandriye sansibilizasyon petisyonè yo pou chak deziyasyon nivo (Kòmantè Pwokirè Jeneral la nan paj 8). Pwokirè Jeneral la fè konnen Depatman an ta dwe asire ke sansibilizasyon petisyonè yo ta dwe fèt, omwen, byen avan dat limit opinyon piblik la nan kad pwosedi a (Kòmantè Pwokirè Jeneral la nan paj 8-9). Finalman, Pwokirè Jeneral la afime ke politik final Depatman an ta dwe enkòpore direktiv klè sou delè kote chak etap nan plan sansibilizasyon petisyonè a dwe reyalize (Kòmantè Pwokirè

Jeneral la nan paj 9).

b. CLF ak EDF

CLF ak EDF rekòmande pou yon konpayi distribisyon angaje l imedyatman ak ofisyèl minisipal yo ak lòt defansè ki gen renome nan kominote ki afekte a lè li ap planifye pou fè yon depo pou diskite sou yon kad pou angajman kominotè ki siyifikatif (Kòmantè CLF ak EDF nan paj 5). CLF ak EDF fè konnen ke yo pral bezwen detèmine kalandriye pou kowòdinasyon sa a sou yon baz ka pa ka men ki ta dwe fèt nan pa pi piti ke 30 jou avan yo fè yon depo (Kòmantè CLF ak EDF nan paj 5).

c. BEAT

BEAT afime ke petisyonè yo ta dwe bay yon preyavi omwen senk semèn sou nenpòt evènman oswa delè pou òganizasyon kominotè yo ka pataje enfòmasyon sa yo nan reyinyon masyèl yo oswa bilten nouvèl yo (Kòmantè BEAT nan paj 2).

2. Kontni Plan Sansibilizasyon Petisyonè yo

a. Pwokirè Jeneral

Pwokirè Jeneral la fè konnen enfòmasyon yo bay nan plan sansibilizasyon petisyonè yo dwe: (1) klè ak fasil pou konprann, san okenn anbigwite oswa mo difisil ki pa nesèsè; (2) pwopozè nan plizyè lang ki gen rapò ak kominote a; epi (3) idantifye klèman enpak potansyèl pwosedi a sou kliyan yo (Kòmantè Pwokirè Jeneral nan paj 9). Pwokirè Jeneral la afime tou ke petisyonè yo ta dwe bay avi ak rezime petisyon yo nan yon langaj ki klè (Kòmantè Pwokirè Jeneral yo nan paj 9).

b. DOER

DOER deklare ke petisyonè yo ta dwe bay gouvènman lokal yo ak ofisyèl eli yo enfòmasyon ak rezime nan lang klè sou enpòtans ak enplikasyon pwosedi a kòm yon pati nan plan sansibilizasyon petisyonè yo (Kòmantè DOER nan paj 2, 5). Anplis de sa, DOER rekòmande pou plan sansibilizasyon petisyonè yo genyen enfòmasyon sou dat limit enpòtan yo, kijan pou patisipe nan pwosedi a, ak fason Depatman an konsidere kòmantè piblik yo nan diferan pwosedi (Kòmantè DOER nan paj 5-6).

c. CLF ak EDF

CLF ak EDF afime ke tout kominote yo ta dwe jwenn enfòmasyon konplè epi transparan sou swadizan avantaj ak konsekans potansyèl sou pwojè yo pwopoze a, menm jan ak nenpòt altènativ pou pwojè a ke petisyonè yo te anvizaje (Kòmantè CLF ak EDF nan paj 2).

d. BEAT

BEAT fè konnen plan sansibilizasyon petisyonè yo ta dwe genyen: (1) enfòmasyon debaz sou pwosedi a; (2) lyen sou enfòmasyon enpòtan sou pwosedi a, ki gen ladan enpak pwosedi a sou kliyan yo; epi (3) dat limit aplikab pou patisipasyon piblik la nan pwosedi a (Kòmantè BEAT nan paj 2).

3. Egzijans Sansibilizasyon yo

a. Pwokirè Jeneral

Pwokirè Jeneral la ankouraje Depatman an pou l devlope epi kenbe yon lis kontak minisipal yo ak òganizasyon kominotè yo pou yo resevwa avi, lis ke konpayi distribisyon yo ka elaji selon kontak ki egziste deja yo, pwopozisyon yo, ak konesans zòn sèvis patikilye yo (Kòmantè Pwokirè Jeneral

yo nan paj 10). Anplis de sa, Pwokirè Jeneral la deklare ke gen minisipalite, gwoup pati konsèn yo, ak lidè kominotè ki gen anpil enterè ak ekspètiz nan zafè ki asosye ak pwosedi Nivo 2 (Kòmantè Pwokirè Jeneral la nan paj 7). Se poutèt sa, Pwokirè Jeneral la rekòmande pou Depatman an elaji egzijans sansibilizasyon pou pwosedi Nivo 2 pou enkli lidè minisipal ak kominotè yo ak pòs sou rezo sosyo yo ak enfòmasyon sou pwosedi a (Kòmantè Pwokirè Jeneral la nan paj 6). Pou pwosedi Nivo 1 ak Nivo 2 ansanm ak pwosedi ki trè Teknik yo, Pwokirè Jeneral la rekòmande pou Depatman an anvizaje mande petisyonè yo pou yo enkli materyèl edikatif adisyonèl oswa lyen pou jwenn materyèl adisyonèl ki gen rapò ak pwosedi a (Kòmantè Pwokirè Jeneral la nan paj 9).

b. DOER

DOER deklare ke petisyonè yo ta dwe oblije adapte kominikasyon yo ak chak minisipalite dapre fòm gouvènman yo (Kòmantè DOER nan paj 3, 4). DOER rekòmande tou pou petisyonè yo sèvi ak Pòtay Divizyon Sèvis Lokal yo ak repètwa ak kat minisipal Asosyasyon Minisipal Massachusetts pou idantifye kontak apwopriye pou chak minisipalite (Kòmantè DOER nan paj 3-4). Anplis de sa, DOER rekòmande pou Depatman an egzije petisyonè yo nan kad plan sansibilizasyon yo pou yo: (1) notifiye ajans planifikasyon rejonan yo sou pwosedi a; (2) kowòdone ak Green Communities Division DOER la pou voye notifikasyon sou pwosedi a bay lis non ak imèl li a; (3) afiche bwochi fizik nan bilding minisipal yo, ki gen ladan Meri, bibliyotèk, ak nenpòt lòt bilding minisipal kote manm kominote yo vizite oswa rasanble souvan; epi (4) fè patenarya ak minisipalite yo pou notifikasyon yo afiche sou sit entènèt vil yo, sou kont rezo sosya vil yo, epi pa imèl bay rezidan yo ki sèvi avèk lis minisipalite yo nan lang rezidan yo ak antrepriz ki nan minisipalite sa pi pale (Kòmantè DOER nan paj 4). DOER rekòmande pou Depatman an tabli paj entènèt espesyal pou tout pwosedi Nivo 1 yo ak lyen ki pèmèt moun ki enterese yo enskri pou resevwa notifikasyon ki gen rapò ak pwosedi a (Kòmantè DOER nan paj 5).

c. CLF ak EDF

CLF ak EDF ankouraje Depatman an pou mande petisyonè yo nan kad plan sansibilizasyon yo pou yo fè reyinyon ak ofisye minisipal yo epi anplwaye yo menm jan ak sesyon opinyon piblik yo ak sesyon enfòmasyon ak kominote a (Kòmantè CLF ak EDF nan paj 2). CLF ak EDF afime tou ke Depatman an ta dwe mande petisyonè yo pou yo ranpli materyèl yo nan nenpòt reyinyon sa yo ak Depatman an pou yo afiche sou sit entènèt Depatman an (Kòmantè CLF ak EDF nan paj 2).

Konsènan pwosedi Nivo 1 yo, CLF ak EDF rekòmande pou Depatman an mande konpayi distribisyon yo pou bay kliyan yo avi sou pwosedi a atravè yon varyete chanèl kominikasyon, ki gen ladan rezo sosyo (Kòmantè CLF ak EDF nan paj 3). CLF ak EDF deklare ke chak kominote gen pwòp preferans kominikasyon pa yo e ke yon apwòch inik pou tout moun pou sansibilizasyon kominote a pa apwopriye (Kòmantè CLF ak EDF nan paj 3). Se poutèt sa, CLF ak EDF rekòmande pou konpayi distribisyon yo genyen diskisyon ak chak kominote sou metòd kominikasyon yo prefere (Kòmantè CLF ak EDF nan paj 3).

Si yo itilize ensèsyon nan bòdwo yo pou notifiye kliyan sou pwosedi Nivo 1, CLF ak EDF deklare ke ensèsyon nan bòdwo yo ta dwe ekri an karaktè gra, yon anvlòp koulè diferan, karaktè ki pi gwo oswa kèk lòt faktè distenktif pou avèti kliyan yo ke gen enfòmasyon enpòtan nan bòdwo yo pou revize (Kòmantè CLF ak EDF nan paj 3). Pou notifikasyon imèl ak tèks, CLF ak EDF deklare ke yo ta dwe gen yon opsyon refi disponib pou kliyan yo (Kòmantè CLF ak EDF nan paj 3).

d. PLAN

PLAN afime ke petisyonè yo ta dwe bay grefye a ak manadjè minisipalite ki afekte a yon avi sou pwosedi Nivo 1 a, ansanm ak prezidan konsèy seleksyon an oswa majistra a, ak enstriksyon pou poste avi a sou sit entènèt minisipalite a epi transfere avi a bay tout moun. Komite minisipal yo (Kòmantè PLAN nan paj 3). PLAN rekòmande tou pou konpayi distribisyon yo sèvi ak chanèl kominikasyon yo anplwaye kounye a pou zafè bòdwo pou notifiye kliyan yo sou pwosedi Nivo 1, anplis de itilize kont rezo sosyal konpayi an (Kòmantè PLAN nan paj 3). PLAN sipòte tou piblikasyon paj entènèt espesyal pou pwosedi enpòtan Depatman an epi li rekòmande pou Depatman an tabli yon sèvis abònman ki ta pèmèt moun ki enterese yo enskri pou notifikasyon ki gen rapò ak yon pwosedi ki gen enterè (Kòmantè PLAN nan paj 6).

e. Konpayi Distribisyon

Konpayi distribisyon yo jeneralman sipòte sansibilizasyon pati konsène yo atravè plizyè chanèl kominikasyon (Kòmantè Konpayi Distribisyon yo nan paj 5). Men, konpayi distribisyon yo afime ke, dapre teritwa sèvis inik yo, Depatman an ta dwe pèmèt chak konpayi distribisyon kreye pwòp plan sansibilizasyon pa yo pa nivo aplikab pou satisfè bezwen kominote li yo, kliyan, ak pati konsène yo (Kòmantè Konpayi Distribisyon nan paj 2). Anplis de sa, konpayi distribisyon yo deklare yo ta dwe gen fleksibilite pou detèmine chanèl kominikasyon apwopriye oswa seri chanèl kominikasyon pou distribye avi yo (Kòmantè Konpayi Distribisyon yo nan paj 5).⁶

⁶ Konpayi distribisyon yo pa rekòmande piblikasyon sou rezo sosyal oswa mesaj tèks pou distribiye avi Depatman an (Kòmantè Konpayi Distribisyon yo nan paj 5).

Anplis de sa, konpayi distribisyon yo deklare Depatman an ta dwe kolabore ak Direktè EJ Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònman an pou devlope yon lis sible gwoup defans lokal yo dwe enkli nan lis abòne ak plan kominikasyon ak sansibilizasyon ak yon opòtinite pou konpayi distribisyon yo fè kòmantè sou lis yo pwopoze a (Kòmantè Konpayi Distribisyon yo nan paj 2). Konpayi distribisyon yo rekòmande tou pou Depatman an kenbe ajou lis abòne ak plan sansibilizasyon an, òganize lis abòne plan sansibilizasyon an pa teritwa sèvis, epi envite pati konsène yo pou yo abòne ak lis la (Kòmantè Konpayi Distribisyon yo nan paj 3).

Pou sansibilizasyon minisipalite yo, konpayi distribisyon yo rekòmande pou Depatman an pèmèt chak konpayi distribisyon devlope pwòp fòm estanda pa yo pou kominikasyon ak minisipalite yo nan teritwa sèvis li yo pa nivo aplikab (Kòmantè Konpayi Distribisyon nan paj 4). Daprè konpayi distribisyon yo, apwòch sa a pral pèmèt kou administratif yo redui ak diminye posibilite pou konfizyon oswa mesaj ki pa klè (Kòmantè Konpayi Distribisyon yo nan paj 4).

Konsènan sansibilizasyon ak gwoup defans lokal yo, konpayi distribisyon yo afime ke yon kominikasyon eksef ak gwoup defans lokal yo ta ka poze pwoblèm pou kominikasyon ak sansibilizasyon alavni epi yo ka retade pwosedi yo (Kòmantè Konpayi Distribisyon yo nan paj 3). Se poutèt sa, konpayi distribisyon yo rekòmande pou Depatman an limite egzijans sou sansibilizasyon petisyonè yo ak gwoup defans lokal yo ak moun ki gen sansibilizasyon pi laj posibilite (Kòmantè Konpayi Distribisyon nan paj 3). Omwen, konpayi distribisyon yo deklare ke yo espere kowòdone sansibilizasyon ak yon ajans patenè aksyon kominotè lokal (Kòmantè Konpayi Distribisyon nan paj 3).

4. Egzijans pou Tradiksyon ak Entèpretasyon

a. Pwokirè Jeneral

Pwokirè Jeneral la ankouraje Depatman an pou l devlope direktiv klè pou lè yo dwe bay sèvis tradiksyon ak entèpretasyon (Kòmantè Pwokirè Jeneral nan paj 10).

b. CLF ak EDF

CLF ak EDF rekòmande pou Depatman an bay sesyon enfòmasyon pou tradiktè yo ak entèprèt yo sou kalite pwosedi ki nan jiridiksyon li yo ak sou jagon teknik yo souvan itilize, sa ki t ap pèmèt yo amelyore presizyon nan tradiksyon yo (Kòmantè CLF ak EDF nan paj 4).

c. Konpayi Distribisyon

Konpayi distribisyon yo afime ke pri sèvis tradiksyon ak entèpretasyon yo wo; Se poutèt sa, konpayi distribisyon yo ankouraje Depatman an pou egziye sèvis tradiksyon ak entèpretasyon sèlman pou pwosedi Nivo 1 (Kòmantè Konpayi Distribisyon yo nan paj 8). Si konpayi distribisyon yo ap bezwen sèvis sa yo, konpayi distribisyon yo mande pou Depatman an tabli yon mekanis kote y ap ka rekouvri depans sa yo (Kòmantè Konpayi distribisyon yo nan paj 8). Anplis de sa, konpayi distribisyon yo mande 180 jou apati dat yo te pibliye règleman final la nan pwosedi sa a pou fè rechèch, kenbe, ak entegre founisè sèvis tradiksyon (Kòmantè Konpayi Distribisyon yo nan paj 8).

5. Sipèvizyon Sansibilizasyon Petisyonè yo

a. Entwodiksyon

Nan konferans teknik Jiyè 2023 la, patisipan yo te diskite sou pwoblèm kolaborasyon ant konpayi distribisyon yo, lidè minisipal yo, ak gwoup defans lokal ki asosye ak plan sansibilizasyon petisyonè yo, epi si yo ta ka itilize yon gwoup travay pati konsène yo oswa yon pwosesis altènatif pou abòde pwoblèm sa yo. Depatman an te envite yo fè plis kòmantè sou sijè sa a

b. Kòmantèi. Pwokirè Jeneral

Pwokirè Jeneral la endike ke Depatman an ta dwe asire ke gen yon tyès pati k ap sipèvize ak revize sansibilizasyon petisyonè yo pou kontwole adekwasyon ak efikasite efò sansibilizasyon yo (Kòmantè Pwokirè Jeneral nan paj 10).

ii. DOER

DOER ankouraje Depatman an pou l fè yon evalyasyon oswa pou l mande pati konsène yo, ofisyèl eli yo, ak gouvènman lokal yo kòmantè yo sou adekwasyon plan sansibilizasyon petisyonè yo pou yo ka pote amelyorasyon avèk letan (Kòmantè DOER nan paj 6).

iii. CLF ak EDF

CLF ak EDF declare ke yon gwoup travay pati konsène t ap yon zouti enpòtan pou rezoud pwoblèm yo ak kolaborasyon ant konpayi distribisyon yo ak manm kominote lokal yo (Kòmantè CLF ak EDF nan paj 2). Espesyalman, CLF ak EDF afime ke yo ta ka itilize yon gwoup travay pati konsène pou etabli pi bon pratik ak pwotokòl pou sansibilizasyon tankou pou etabli kritè pou evalyasyon plan sansibilizasyon petisyonè yo (Kòmantè CLF ak EDF nan paj 2).

iv. Konpayi Distribisyon

Konpayi distribisyon yo afime ke nenpòt evalyasyon nan plan sansibilizasyon yo ta dwe fokis sou efò sansibilizasyon yo olye ke sou rezilta sansibilizasyon ke yo swete (sa vle di, pi gwo patisipasyon nan yon pwosedi Depatman) (Kòmantè Konpayi Distribisyon nan paj 12).

C. Konsiderasyon Adisyonèl

1. Itilizasyon opinyon Pati Konsène yo

Pou pwosedi Nivo 1, Nivo 2, epi ki trè teknik, Pwokirè Jeneral la rekòmande pou Depatman an mande petisyonè yo pou yo anrejistre opinyon pati konsène yo epi dekri kijan yo te konsidere opinyon sa yo (Kòmantè Pwokirè Jeneral la nan paj 11). Pwokirè Jeneral la deklare ke pwosesis sa a ta dwe fèt anvan fèmte ankèt preyalab la pou bay Depatman an ak pati enterese yo yon opòtinite pou kominike enfòmasyon yo te resevwa nan men pati konsène yo ak nenpòt modifikasyon nan pwopozisyon inisyal petisyonè yo ki baze sou opinyon pati konsène yo (Kòmantè Pwokirè Jeneral la nan paj 12).

2. Kominikasyon Anyèl ak Kliyan yo

a. Entwodiksyon

Nan konferans teknik Jiyè 2023 a, patisipan yo te diskite si wi ou non konpayi distribisyon yo ta dwe itilize yon kominikasyon anyèl ak kliyan yo ki gen yon lyen ki mennen nan sit entènèt konpayi a ak tout ka ki annatant devan Depatman an ak enfòmasyon sou opsyon "dezabone" pou resevwa enfòmasyon sou pwosedi Nivo 1 yo. Patisipan yo te diskite tou si yo ta ka bay enfòmasyon sa yo nan kad yon " pake byenvini" ak nouvo kliyan yo. Depatman an te envite yo fè plis kòmantè sou sijè sa a.

b. Kòmantè

i. CLF ak EDF

CLF ak EDF deklare ke yon kominikasyon anyèl ak kliyan yo ki gen ladan enfòmasyon sou pwosedi Depatman an ki annatant kounye a ensifizan pou ogmante patisipasyon piblik la nan pwosedi Depatman an paske pwosedi Depatman an trè teknik de nati donk yon kominikasyon anyèl gen chans pou yo neglije, pèdi, efase, oswa bliye li. (Kòmantè CLF ak EDF nan paj 3). Kidonk,

CLF ak EDF rekòmande pou Depatman an mande pou petisyonè yo voye yon lèt oswa yon imèl bay kliyan yo pou chak pwosedi ki dekri kalite ak nati pwosedi a, enpak pwosedi a sou kliyan endividyèl la, enpak pwosedi a sou kominote kote yo te pwopoze pwojè a ak dat limit pou kòmantè ak entèvansyon piblik la (Kòmantè CLF ak EDF nan paj 3). CLF ak EDF deklare tou ke nenpòt tip kominikasyon kliyan sa yo ta dwe gen ladan yon kòd QR oswa lyen ki bay aksè ak yon fòm enskripsyon pou plis kominikasyon ak mizajou sou pwojè sa (Kòmantè CLF ak EDF nan paj 3).

ii. PLAN

PLAN afime ke yon kominikasyon anyèl konpayi distribisyon yo ak kontribiyab yo ki gen ladan enfòmasyon jeneral sou ka ki annatant kounye a devan Depatman an p ap twò benefik pou kliyan yo (Kòmantè PLAN nan paj 4). Olye de sa, PLAN rekòmande pou konpayi distribisyon yo bay kliyan yo enfòmasyon sou chak pwosedi -- ki gen ladan nenpòt opsyon abone disponib pou resevwa enfòmasyon sou pwosedi a -- atravè ensèsyon nan bòdwo oswa imèl oswa tou sou kont rezo sosyo konpayi an (Kòmantè PLAN nan paj 4).

iii. Konpayi Distribisyon

Konpayi distribisyon yo apiye yon kominikasyon anyèl ak kliyan yo ki dekri kijan pou jwenn aksè ak materyèl regilasyon yo epi patisipe nan pwosedi Depatman an, ak lyen ki mennen sou sit entènèt regilasyon ki enpòtan (Kòmantè Konpayi Distribisyon nan paj 6). Toutfwa, Konpayi distribisyon yo, afime ke kominikasyon anyèl la ta dwe sou fòm yon imèl olye yon lèt pa rapò ak depans siplemantè sa mande pou poste lèt bay kliyan yo (Kòmantè Konpayi Distribisyon nan paj 6).

3. Apwòch Gradyèl sou Aplikasyon Inisyale Sansibilizasyon

a. Entwodiksyon

Nan konferans teknik jiyè 2023 a, pati konsène yo te diskite avantaj ak dezavantaj yon apwòch gradyèl sou aplikasyon inisyale plan sansibilizasyon yo, kote konpayi distribisyon yo tap itilize yon premye etap pou kowòdone ak lidè minisipal yo ak kominotè yo sou preferans kominikasyon chak kominote avan yo enpleman plan sansibilizasyon yo. Depatman an te envite fè plis kòmantè sou sijè sa a.

b. Kòmantè

i. CLF ak EDF

CLF ak EDF afime ke plan sansibilizasyon petisyonè yo mande kontinwite ak espesifisite e ke yon apwòch gradyèl sou aplikasyon inisyale plan sansibilizasyon petisyonè yo ta ka abouti ak yon planifikasyon fragmantè (Kòmantè CLF ak EDF nan paj 5). An konsekans, CLF ak EDF ankouraje Depatman an pou l rejte yon apwòch gradyèl sou aplikasyon inisyale plan sansibilizasyon petisyonè yo (Kòmantè CLF ak EDF nan paj 5).

ii. PLAN

PLAN apiye yon apwòch gradyèl sou aplikasyon inisyale plan sansibilizasyon petisyonè yo (Kòmantè PLAN nan paj 5). PLAN endike ke konpayi distribisyon yo ta dwe fè yon reyinyon piblik ak lidè minisipal yo ak kominotè yo nan kad premye etap la pou mande fidbak sou apwòch sansibilizasyon yo pwopoze yo (Kòmantè PLAN nan paj 5).

iii. Konpayi Distribisyon

Konpayi distribisyon yo apiye yon apwòch gradyèl sou aplikasyon inisyale plan sansibilizasyon petisyonè yo epi yo rekòmande yon fenèt 180 jou apati dat emisyon règleman final

la nan pwosedi sa a pou konpayi distribisyon yo, pami lòt bagay, achte sèvis founisè tradiksyon, kontakte ofisyèl minisipal yo sou preferans kominikasyon yo, devlope yon plan sansibilizasyon inifòm pa nivo, epi, si sa nesèsè, angaje yo nan aktivite apwovizyonman epi devlope oswa elaji resous teknoloji enfòmasyon (Komantè Konpayi Distribisyon nan paj 10).

IV. ANALIZ AK KONKLIZYON

A. Pwopozisyon sou Nivo

1. Kritè Nivo 1

Plizyè kòmantatè rekòmande pou Depatman an klarifye langaj yo itilize pou defini pwosedi Nivo 1 yo, an patikilye langaj ki nan tablo nivo yo pwopoze a konsènan pwosedi Nivo 1 yo “ki gen yon enpak jeyografik-espesifik enpòtan sou yon popilasyon EJ ke yo pa pataje ak rès teritwa sèvis la” (Kòmantè CLF ak EDF nan paj 4; Kòmantè BEAT nan paj 1; Kòmantè Konpayi Distribisyon nan paj 9). Aprè revizyon sou kòmantè sa yo ak langaj yo pwopoze a, Depatman an detèmine ke gen yon bezwen pou plis klarifikasyon sou kritè sa a epi li bay eksplikasyon sa a. Pou kalifye kòm yon pwosedi Nivo 1 sou baz sa a, pwosedi a dwe genyen: (1) yon enpak inik ak espesifik sou yon popilasyon EJ nan yon zòn jeyografik patikilye nan teritwa sèvis petisyonè a ke tout teritwa sèvis la pa pataje (egzanp, enplantasyon yon sou-estasyon oswa fèm solè nan yon popilasyon EJ); epi (2) yon enpak materyèl sou pwoteksyon, sekirite, fyabilite nan sèvis, aksesibilite finansyèl, ekite, oswa emisyon GHG. Nou estime ke definisyon sa a konfòm ak obligasyon legal nou yo dapre G.L. c. 25, § 1A, ki mande Depatman an, nan respè pou tèt li ak konpayi distribisyon yo tou, pou “prijorize pwoteksyon, sekirite, fyabilite nan sèvis, aksesibilite finansyèl, ekite ak rediksyon nan emisyon [GHG] pou respekte limit ak sou-limit [GHG] ki etabli nan tout eta a dapre chapit 21N.” An konsekans, nou te ajoute klarifikasyon sa yo nan Règleman Nivo ak Sansibilizasyon § 1.

Konsènan afimasyon konpayi distribisyon yo ke ka EFSB yo, depo G.L. c. 164, § 72, ak egzanpsyon dekoupaj an zòn pa ta dwe monte nan nivo yon pwosedi Nivo 1, Depatman an remake dabò ke EFSB ap mennen pwòp pwosedi aksè piblik li, EFSB 21-01, epi li pral pran pwòp detèminasyon li konsènan piblikasyon ak sansibilizasyon pou ka EFSB yo. Konsènan depo G.L. c. 164, § 72, Depatman an ka bezwen abòde detèminasyon nivo yo pou pwosedi sa yo sou yon baz ka pa ka nan limyè tout sikonstans enpòtan ki prezante nan moman depo a. Anfen, konsènan egzanpsyon dekoupaj an zòn, Depatman an remake ke li te espesyalman deziyen sa yo kòm pwosedi Nivo 1 nan tablo nivo ki pwopoze a epi li ap kenbe deziyasyon sa a nan Règleman Nivo ak Sansibilizasyon § 1. Se poutèt sa, Depatman an refize aplike rekòmandasyon konpayi distribisyon yo pou eskli ka EFSB yo, depo G.L. c. 164, § 72 yo, ak egzanpsyon dekoupaj an zòn Nivo 1. Neyanmwon, pou egzanpsyon dekoupaj an zòn ak pou pwosedi ki depoze dapre G.L. c. 164, § 72 ki deziyen kòm pwosedi Nivo 1, Depatman an twouve li apwopriye pou mande avi ak sansibilizasyon sèlman pou minisipalite sa yo ak kliyan ki afekte nan pwosedi a olye avi ak sansibilizasyon pi laj nan tout teritwa sèvis la. Règleman nivo ak Sansibilizasyon § 2. Alavni, apre enplemantasyon Règleman Nivo ak Sansibilizasyon, Depatman an ka jije li apwopriye pou re-egzamine desizyon sa yo an fonksyon leson ke yo tire.

Depatman an refize tou fè nenpòt lòt pwosesis avan yo etabli etap pou nivo yo ki defini nan Règleman nivo ak Sansibilizasyon. Depatman an te resevwa anpil kòmantè nan men pati konsène ki enterese yo sou Pwojè Règleman li a, ki enkli kritè nivo inisyal yo. Pwojè Règleman § 1. Depatman an te òganize tou yon konferans teknik ak pati konsène ki enterese yo nan dat 24 Jiyè 2023 pou diskite sou Pwojè Règleman Depatman an ak tablo nivo yo te bay avan an, epi yon

lòt opòtinite pou fè kòmantè. Depatman an te enkòpore anpil nan rekòmmandasyon pati konsène yo nan Politik nivo ak sansibilizasyon li yo. Se poutèt sa, Depatman an twouve li pa nesesè pou chèche plis kòmantè piblik sou kritè nivo li yo nan moman sa a men li pral enkòpore leson yo tire yo alavni.

2. Detèminasyon Nivo

Pwokirè Jeneral la ofri divès kòmantè sou kalandriye detèminasyon nivo yo (Kòmantè Pwokirè Jeneral la nan paj 5-6). Nan Pwojè Règleman an, Depatman an te enkli kritè pou diferan nivo pwosedi yo, li te deklare ke kritè sa yo te "fèt pou sèvi kòm gid, men Depatman an pral detèmine nan ki nivo chak pwosedi tonbe sou yon baz ka pa ka." Pwojè Règleman § 1. Pwojè Règleman an pa t abòde espesyalman kalandriye kote Depatman an ta detèmine etap nan nivo chak pwosedi tonbe. Depatman an rekonèt enpòtans yon detèminasyon atan nan nivo yon pwosedi, men li pa twouve li nesesè nan moman sa a pou etabli yon kalandriye fòmèl detèminasyon nivo. Anplis, lè li pwopoze yon tablo nivo pou diskisyon epi enkòpore yon vèsyon revize de li nan Règleman Nivo ak Sansibilizasyon § 1, Depatman an te etabli yon pwosesis ki pa t mande li pou l fè detèminasyon sou nivo avan depo. Depatman an espere ke yon gran majorite nan pwosedi yo pral akòde ak deziyasyon nivo yo bay nan tablo nivo a. Kidonk, avan li depoze yon petisyon, petisyonè a ta dwe al gade nan tablo nivo a epi prepare yon plan sansibilizasyon ki akòde ak nivo chak tip pwosedi. Si yon petisyonè pa sèten sou etap nan nivo pou yon pwosedi, li ka kontakte Depatman an avan li depoze petisyon an epi mande avi Depatman an pou detèminasyon nivo.

An repons ak enkyetid Pwokirè Jeneral la konsènan diminye etap nan nivo yo, Depatman an pa anvizaje yon senaryo kote li ta diminye etap nan nivo yon pwosedi apati de sa yon petisyonè idantifye. Neyanmwèn, Règleman Nivo ak Sansibilizasyon sa a se premye tantativ Depatman an pou kategorize pwosedi Depatman an pa nivo pou rezon piblikasyon ak Sansibilizasyon, epi Depatman an pa ka prevwa avèk sètitud si yon senaryo ka rive kote yon pwosedi patikilye ta jistifye yon nivo pi ba. An konsekans, Depatman an refize aplike rekòmandasyon Pwokirè Jeneral la pou endike nan Règleman Nivo ak Sansibilizasyon an Depatman an ka ogmante e non diminye etap nan nivo yon pwosedi apati de sa yon petisyonè idantifye.

Depatman an estime li twò bonè pou l enkòpore nan Règleman Nivo ak Sansibilizasyon an paramèt ki pèmèt yo detèmine lè Depatman an, poukont li, pral elve deziyasyon nivo yon pwosedi, jan Pwokirè Jeneral la sijere l. Depatman an pral konsidere ak anpil atansyon tout sikonstans ki enplike nan chak pwosedi, menm jan ak leson yo tire nan enplemantasyon Règleman Nivo ak Sansibilizasyon li, pou detèmine sou yon baz ka pa ka si li vle elve nivo yon pwosedi apati de sa yon petisyonè idantifye. Lè yo depoze yon petisyon, Depatman an pral egzamine chwa etap nan nivo petisyonè a ak egzijans piblikasyon ak sansibilizasyon ki asosye yo nan limyè tout sikonstans enpòtan ki prezante yo. Si Depatman an konstate etap nan nivo yon pwosedi ta dwe elve, Depatman an ap enfòme petisyonè a epi li pral mande yon piblikasyon ajou ak plan sansibilizasyon si sa nesesè.

Finalman, Depatman an estime ke li pa nesesè pou moman sa a pou etabli yon mekanis fòmèl kote pati konsène yo ka mande rekonsiderasyon detèminasyon yon nivo. Depatman an rekonèt enpòtans enplikasyon ak patisipasyon piblik la nan pwosedi li yo epi li pral konsidere enkyetid yo souve konsènan etap nan nivo yon pwosedi. Depatman an rekonèt tou wòl enpòtan Pwokirè Jeneral la kòm defansè kontribiyab yo pou Commonwealth la e li remake ke Pwokirè

Jeneral la ka kontakte Depatman an pou kesyon oswa enkyetid konsènan etap nan nivo yon pwosedi patikilye. Sepandan, Depatman an bezwen balanse dwa pati yo nan revize pwopozisyon yo yon fason administrativman efikas, fasilite nan enplemantasyon an, ak pri pou mennen yon pwosedi. Depatman an konsyan tou obligasyon legal li genyen pou l bay desizyon sou sèten pwosedi nan yon delè espesifik⁷ epi li gen enkyetid ke, nan kèk sikonstans, yon demann pou rekonsidere detèminasyon nivo yo te fè aprè yo te soumèt yon petisyon ka retade anpil yon desizyon final nan pwosedi sa a. Si yo mande pou l rekonsidere etap nan nivo yon pwosedi, Depatman an pral konsidere tout sikonstans ki enplike nan pwosedi a ki gen ladan, men ki pa limite ak sa sèlman, dat limit legal ki aplikab yo, enplikasyon pousantaj ak règleman pwosedi a, bezwen pou plis sansibilizasyon ak enkyetid pati konsène yo.

B. Sansibilizasyon Petisyonè

1. Kalandriye Sansibilizasyon

Pwojè Règleman Depatman an pa t abòde espesifikman zafè kalandriye kote petisyonè yo dwe egzekite plan sansibilizasyon yo, sa ki te mennen plizyè kòmantatè bay rekòmandasyon yo sou kalandriye a. Depatman an rekonèt yon sansibilizasyon atan enpòtan pou ogmante sansibilizasyon ak patisipasyon piblik la nan pwosedi li yo; Depatman an rekonèt tou, Sepandan, ke Règleman Nivo ak Sansibilizasyon li yo dwe fleksib pou yo kapab aplike ak fè fas ak sikonstans enprevi. Anjeneral, pou pwosedi ki satisfè kritè Nivo 1 yo, Depatman an atann pou petisyonè yo mennen sansibilizasyon ak lidè minisipal ak kominotè yo omwen 30 jou avan yo depoze yon petisyon nan Depatman an. Règleman sou nivo ak sansibilizasyon § 2.a. Nan ka kote yon petisyonè

⁷ Pa egzanp, G. L. c. 164, § 94 egzije Depatman an bay yon desizyon nan yon pwosedi pousantaj distribisyon debaz nan dis mwa.

pa kapab mennen yon sansibilizasyon ak lidè minisipal ak kominotè yo omwen 30 jou avan li depoze yon petisyon, petisyonè a ta dwe enkli nan depo li a yon eksplikasyon sou rezon ki fè li pa t kapab mennen sansibilizasyon sa a nan delè sa. Règleman sou nivo ak sansibilizasyon § 2.a.

Pou pwosedi Nivo 2 ak Nivo 3, ki pa mande pou fè sansibilizasyon avan depo, Règleman sou Nivo ak sansibilizasyon deklare ke petisyonè yo ka kreye yon plan sansibilizasyon estanda, ak mizajou peryodik jan sa nesèsè. Règleman sou Nivo ak sansibilizasyon § 3. Depatman an pral detèmine dat limit ki aplikab yo pou sansibilizasyon sou baz ka pa ka nan limyè tout sikonstans enpòtan yo prezante nan moman depo a.

2. Kontni Plan Sansibilizasyon Petisyonè

Jan sa endike nan kòmantè yo, efò sansibilizasyon petisyonè yo ta dwe bay piblik la enfòmasyon debaz enpòtan sou yon pwosedi pou ede manm piblik la pran yon desizyon eklere sou nivo patisipasyon yo nan yon pwosedi a. Depatman an rekonèt nati teknik pwosedi li yo epi li rekonèt ke enfòmasyon sou pwosedi li yo dwe transmèt nan tèm ki pi senp posib pou ogmante yon fason siyifikatif patisipasyon piblik la nan pwosedi li yo. Kidonk, jan sa endike nan Règleman sou nivo ak sansibilizasyon, plan sansibilizasyon petisyonè yo -- ak sansibilizasyon an li menm -- dwe gen ladan rezime pwosedi ki klè ak fasil pou konprann. Règleman sou nivo ak sansibilizasyon § 3. Rezime nan langaj klè yo dwe eksplike objektif depo a epi idantifye enpak pousantaj potansyèl pwosedi a sou kliyan yo. Règleman sou Nivo ak Sansibilizasyon § 3. Pou pwosedi ki trè konplèks, tankou pwosedi pousantaj distribisyon debaz, Depatman an ankouraje, men li pa egzije, petisyonè yo pou yo enkli nan plan sansibilizasyon yo materyèl edikatif adisyonèl oswa lyen pou jwenn materyèl adisyonèl ki gen rapò ak pwosedi a.

Rezime sa yo nan langaj klè fèt pou yo itilize pou enfòmasyon sèlman epi yo pral konplete, olye yo ranplase, avi Depatman an nan chak pwosedi. Anplis de sa, rezime sa yo p ap antre nan dosye prèy pwosedi ki aplikab la epi Depatman an p ap konsidere yo lè li pral pran desizyon nan zafè a. Depatman an ap kontinye bay yon avi ak yon òdonans pou chak pwosedi jan sa nesèsè, ki gen pwòp rezime Depatman an nan langaj klè pwosedi a ansanm ak dat limit enpòtan ak enfòmasyon sou fason pou patisipe nan pwosedi a.

3. Egzijans pou Sansibilizasyon

Depatman an rekonèt sansibilizasyon petisyonè a enpòtan anpil pou ogmante konesans piblik la sou pwosedi Depatman an epi li rekonèt rekòmandasyon moun k ap fè kòmantè yo ofri. Pou ogmante vizibilite pwosedi Depatman an epi fasilite patisipasyon, Depatman an pral fè efò pou etabli pajwèb devwe pou tout pwosedi Nivo 1 yo. Anplis de sa, Depatman an pral mennen ankèt sou devlopman yon pwosesis kote moun ki enterese yo ka abone nan yon lis distribisyon ("lis abònman") pou kominikasyon sou yon pwosedi patikilye oswa yon kalite pwosedi patikilye (pa egzanp, pwosedi pousantaj distribisyon debaz) atravè sit entènèt Depatman an. Le pli vit ke pwosesis abònman sa a konplètman devlope epi pare pou aplike, Depatman an pral anonse disponiblite li, epi tou bay enstriksyon sou fason pou itilize li, atravè yon varyete kanal kominikasyon.

Pwokirè Jeneral la ak konpayi distribisyon yo pwopoze pou Depatman an prensipalman responsab pou devlope ak kenbe lis kontak ak òganizasyon yo dwe enkli sou kominikasyon ak kontak (Kòmantè Konpayi Distribisyon nan 2, 3; Kòmantè Pwokirè Jeneral la nan 10). Depatman an, sepandan, jwenn ke travay sa a pi apwopriye pou konpayi distribisyon yo, paske yo gen bon jan konesans sou teritwa sèvis yo. Depatman an espere tou ke konpayi distribisyon yo ap patisipe nan diskisyon aktif avèk minisipalite yo, òganizasyon kominotè yo, ak lòt antite ki enpòtan nan teritwa sèvis respektif yo pou devlope pwòp lis espesifik yo pou sansibilizasyon (“lis sansibilizasyon”) pou konplete lis abònman Depatman an. Depatman an note ke konpayi distribisyon yo regilyèman kominike ak minisipalite yo nan teritwa sèvis yo kòm yon pati nan operasyon biznis nòmal yo atravè lyezon règlemantè yo. Se poutèt sa, Depatman an twouve li apwopriye pou konpayi distribisyon yo kontakte kontak minisipal yo pou detèmine pi bon pwen kontak pou chak minisipalite pou resevwa enfòmasyon konsènan pwosedi Depatman yo ansanm ak preferans kominikasyon yo.

Paske petisyonè yo gen anpil kapasite diferan pou kominike ak kliyan yo, Depatman an twouve li apwopriye pou pèmèt chak petisyonè gen fleksibilite pou detèmine kanal kominikasyon, oswa seri kanal kominikasyon yo, pou itilize pou fè sansibilizasyon. Pou pwosedi Nivo 1, sepandan, Depatman an atann petisyonè yo ap itilize omwen de kanal kominikasyon (pa egzanp, ensèsyon nan bòdwo ak imèl kliyan) pou sansibilizasyon pou ogmante chans pou yo rive jwenn pi gwo kantite kliyan. Règleman sou Nivo ak Sansibilizasyon § 2.a. Nan ka yon konpayi distribisyon chwazi fè kontak atravè ensèsyon nan bòdwo, Depatman an espere ke ensèsyon nan bòdwo yo pral diferansye ak lòt enfòmasyon sou bòdwo (pa egzanp, ekri an lèt detache, yon

anvlòp ki gen koulè diferan, oswa pi gwo karaktè) pou avèti kliyan yo ke gen enfòmasyon enpòtan ki enkli nan bòdwo yo pou revize. Règleman sou Nivo ak Sansibilizasyon § 2.a. Pou kominikasyon imèl oswa tèks, Depatman an atann pou petisyonè yo bay kliyan yo kapasite pou yo soti nan nenpòt kominikasyon sa yo si kliyan an vle fè sa. Règleman sou Nivo ak Sansibilizasyon § 2.a.

Depatman an rekonèt enterè enpòtan ke pati ki konsène yo ka genyen nan patisipe nan pwosedi Nivo 2 li yo ak enpòtans patisipasyon piblik nan pwosedi sa yo. Nan moman sa a, sepandan, Depatman an refize aplike rekòmandasyon Pwokirè Jeneral la pou elaji egzijans sou sansibilizasyon pou pwosedi Nivo 2 pou enkli lidè minisipal yo ak kominotè yo ak afich sou rezo sosyal avèk enfòmasyon sou pwosedi a (Komantè Pwokirè Jeneral la nan 6). Nou jwenn ke pwosedi Nivo 2 yo, ki reprezante majorite nan pwosedi Depatman an, pa egzije menm nivo ranfòsman sansibilizasyon ak pwosedi Nivo 1. Depatman an ka re-egzamine nesosite pou elaji egzijans piblikasyon ak sansibilizasyon pou pwosedi Nivo 2 alavni ki baze sou leson yo aprann.

4. Egzijans pou Tradiksyon ak Entèpretasyon

Pwokirè Jeneral la rekòmande direktiv klè pou lè sèvis tradiksyon ak entèpretasyon yo dwe bay (Kòmantè Pwokirè Jeneral la nan 10). Konpayi distribisyon yo te soulve enkyetid konsènan depans tradiksyon ak entèpretasyon (Komantè konpayi distribisyon yo nan 8).

Pou pwosedi Nivo 1 yo, Pwojè Règleman Depatman an te mande pou yo tradwi avi ak sèvis entèpretasyon yo dwe bay nan odyans piblik ki konfòm ak Plan Aksè nan Lang

Depatman an. Pwojè Règleman § 1. Sepandan, Pwojè Règleman an pa t abòde si petisyonè yo oswa Depatman an t ap responsab pou achte sèvis ki nesesè pou tradiksyon ak entèpretasyon. Jan sa eksplike pi ba a, Depatman an te detèmine ke responsablite sa a pral depann de si se yon petisyonè ki kòmanse pwosedi a oswa Depatman an.

Pou pwosedi Nivo 1 yon petisyonè kòmanse, petisyonè a ap oblije fè tout aranjman epi kouvri tout depans ki asosye ak sèvis aksè nan lang (sa vle di, sèvis tradiksyon ak entèpretasyon). Règleman sou Nivo ak Sansibilizasyon § 2.a. Pou depoze materyèl davans, tankou rezime nan lang klè, Depatman an atann pou petisyonè yo tradui dokiman sa yo epi distribye yo nan lis sansibilizasyon pou pwosedi sa a omwen 30 jou anvan yo depoze petisyon an, anrapò ak detèminasyon Depatman an sou tan sansibilizasyon yo nan Seksyon IV. B.1, pi wo a. Règleman sou Nivo ak Sansibilizasyon § 2.a. Pou pwosedi Nivo 1 ki gen enpak sou tout yon teritwa sèvis, petisyonè yo dwe tradui materyèl ki depoze davans yo nan twa premye lang yo pale nan Commonwealth la (sa vle di, Panyòl, Pòtigè, ak Mandaren) epi, nan limit posib, nenpòt lòt lang petisyonè a mande.⁸ Règleman sou Nivo ak Sansibilizasyon § 2.a. Materyèl ki depoze davans yo dwe gen ladan yon deklarasyon ke yo ka bay tradiksyon nan lòt lang si petisyonè a fè demann lan. Règleman sou Nivo ak Sansibilizasyon § 2.a. Pou pwosedi Nivo 1 ki gen yon gwo enpak jeyografik espesifik sou yon popilasyon EJ ki pa pataje pa rès teritwa sèvis la, petisyonè yo dwe kowòdone ak lidè minisipal ak kominotè yo nan kominote sa yo pou detèmine lang ki apwopriye pou

8 Demann pou tradwi materyèl ki depoze davans nan lòt lang yo ta dwe ale jwenn pwen kontak petisyonè a, jan sa dekri anba a. Petisyonè a ap gen diskresyon pou detèmine si demann sa yo rezonab ak posib.

tradiksyon. Petisyonè yo, an kowòdinasyon ak Depatman an, ka detèmine lang ki nesèsè pou sèvis entèpretasyon nan odyans piblik yo apre yo fin depoze petisyon yo. Règleman sou Nivo ak Sansibilizasyon § 2.a. Chak petisyonè dwe etabli yon pwèn kontak ki responsab pou reponn demann pou tradiksyon oswa entèpretasyon. Petisyonè yo dwe mete enfòmasyon kontak pou pwèn kontak li deziyen nan materyèl ki depoze davans yo ki distribye bay lis kontak la pou pwosedi sa a. Règleman sou Nivo ak Sansibilizasyon § 2.a.

Pou pwosedi Nivo 1 Depatman an kòmanse, tankou yon ankèt pou fè règ oswa ankèt jenerik, Depatman an prevwa ke li pral pwokire epi bay sèvis aksè lang ki apwopriye yo. Règleman sou Nivo ak Sansibilizasyon § 2.a. Depatman an espere pibliye yon Plan Aksè nan Lang ki aktyalize nan pwochen douz mwa yo ki pral bay plis detay konsènan règleman sou aksè nan lang Depatman an. Anplis de sa, Depatman an espere devlope yon lis tèm teknik ki souvan itilize pou bay tradiktè ak entèprèt yo davans pou ede yo ak tradiksyon yo.

Jan sa mansyone nan Seksyon IV.B.3, pi wo a, Depatman an rekonèt enterè enpòtan pati ki konsène yo ka genyen nan patisipe nan pwosedi Nivo 2 li yo ak enpòtans patisipasyon piblik nan pwosedi sa yo. An menm tan, Depatman an dwe evalye nesèsite pou patisipasyon piblik la ak depans pou reyalize yon pwosedi. Kidonk, Depatman an refize elaji egzijans sèvis aksè nan lang nan pwosedi Nivo 2 nan moman sa a. Okontrè, Depatman an ka detèmine si yon petisyonè dwe bay sèvis aksè nan lang pou yon pwosedi Nivo 2 an patikilye selon tout sikonstans enpòtan yo prezante nan moman depo a. Depatman an ka re-egzamine nesèsite pou sèvis aksè nan lang elaji

alavni an baze sou leson yo aprann; anplis de sa, Depatman an note ke sèvis aksè nan lang yo disponib sou demann bay Kowòdonatè Aksè nan Lang.⁹

5. Sipèvizyon Sansibilizasyon Petisyonè

Plizyè moun ki fè kòmantè ki rekòmande pou Depatman an etabli yon pwosesis pou revize si sansibilizasyon petisyonè a sifizan. DOER rekòmande pou Depatman an fè yon evalyasyon oswa mande pati konsène yo, ofisyèl eli yo, ak gouvènman lokal yo bay opinyon yo sou si plan sansibilizasyon petisyonè a bon pou yo ka fè amelyorasyon alavni, pandan Pwokirè Jeneral la fè konnen Depatman an ta dwe mande sipèvizyon yon twazyèm pati sou divilgzasyon an (Kòmantè DOER nan 6; Kòmantè Pwokirè Jeneral nan 10). Konpayi distribisyon yo fè konnen nenpòt evalyasyon plan sansibilizasyon yo ta dwe konsantre sou efò sansibilizasyon yo olye sou nivo patisipasyon piblik la nan yon pwosedi (Komantè Konpayi Distribisyon yo nan 12).

Depatman an rekonèt enpòtans plan kontak ak sansibilizasyon petisyonè a kòm zouti pou ogmante sansibilizasyon piblik la sou pwosedi Depatman an, men li rekonèt tou ke Règleman sou Seksyon ak Sansibilizasyon an dwe genyen ase fleksibilite pou reponn a sikonstans enprevi. Règleman sou nivo ak sansibilizasyon yo gen entansyon ede Depatman an ak konpayi distribisyon yo atenn objektif mityèl yo pou ogmante patisipasyon piblik la nan pwosedi Depatman an. Depatman an rekonèt, sepandan, amelyorasyon nan Règleman sou Nivo ak Sansibilizasyon nou an ak plan sansibilizasyon petisyonè yo pral bezwen fèt alavni sou baz opinyon pati konsène yo

⁹ Kowòdonatè Aksè nan Lang la responsab pou sipèvize aplikasyon Plan Aksè nan Lang Depatman an. N ap jwenn enfòmasyon kontak pou Kowòdonatè Aksè nan Lang lan sou <https://www.mass.gov/info-details/dpu-divisions-contact-information#media-contact-information->.

ak leson yo aprann. Depatman an akeyi kòmantè sou plan sansibilizasyon petisyonè yo swa dirèkteman oswa atravè pwosesis kòmantè piblik la pou yon pwosedi patikilye, men li refize etabli yon pwosesis pou sipèvizyon yon twazyèm pati sou plan sansibilizasyon petisyonè yo nan moman sa a. Depatman an ankouraje petisyonè yo tou pou yo travay avèk Pwokirè Jeneral la, DOER, ak lòt pati konsène yo pou devlope lis sansibilizasyon yo epi etabli pi bon pratik ak pwotokòl pou sansibilizasyon sou yon baz kontinyèl.

C. Konsiderasyon Adisyonèl

1. Itilize Opinyon Pati Konsène

Pwojè Règleman Depatman an pa t adrese si wi ou non petisyonè yo dwe enkòpore kòmantè pati konsène yo nan pwosedi a. Pwokirè Jeneral la fè konnen pou Nivo 1, Nivo 2, ak pwosedi ki trè teknik, Depatman an ta dwe mande petisyonè yo pou yo anrejistre kòmantè, kesyon, ak enkyetid pati konsène yo, pou yo dekri fason yo te konsidere opinyon pati konsène yo, epi pou yo ranpli enfòmasyon sa yo anvan fèmti sansibilizasyon pou bay Depatman an ak pati ki enterese yo yon opòtinite pou fè sansibilizasyon sou opinyon yo resevwa ak sou nenpòt modifikasyon nan pwopozisyon inisyèl petisyonè a ki baze sou opinyon moun ki konsène yo (Kòmantè Pwokirè Jeneral nan 11-12). Depatman an refize fè sa nan moman sa a.

Jan sa mansyone pi wo a, objektif sansibilizasyon petisyonè a se pou bay piblik la enfòmasyon sou kontèks ki enpòtan sou yon pwosedi pou ede manm piblik la konprann pwoblèm nan epi pran yon desizyon enfòmè sou nivo patisipasyon yo nan yon pwosedi. Nenpòt moun ki vle

fè kòmantè sou depo yon petisyonè ap gen yon opòtinite pou fè sa atravè pwosesis kòmantè piblik la apre yo fin soumèt fichye a bay Depatman an. Apre sa, Depatman an pral sèvi ak kòmantè piblik yo pou ede nan revizyon depo li a epi pou ede gide pwosesis divilgasyon an.

2. Kominikasyon Anyèl pou Kliyan yo

Konpayi distribisyon yo rekòmande yon kominikasyon anyèl imel bay kliyan yo ki dekri fason pou jwenn aksè nan materyèl règlemantè yo epi patisipe nan pwosedi Depatman an, epi ki gen ladan l lyen ki mennen nan sitwèb règlemantè ki enpòtan (Konpayi Distribisyon Kòmantè nan 6). Lòt moun k ap fè kòmantè yo di yon kominikasyon anyèl pa ase epi yo rekòmande konpayi distribisyon yo pou yo bay kliyan yo lèt enfòmasyon oswa imèl pou chak pwosedi (Kòmantè CLF ak EDF nan 3; Kòmantè PLAN nan 4).

Jan sa mansyone pi wo a, Depatman an dwe evalue nesosite pou patisipasyon piblik la nan pwosedi li yo avèk depans pou reyalize yon pwosedi. Depatman an gen enkyetid kominikasyon yo egzije pou chak pwosedi ka pran anpil tan ak koute chè, epi enfòmasyon ki nan kominikasyon sa yo ta kowenside ak rezime langaj klè yo diskite nan Seksyon IV.B.2, pi wo a. Se poutèt sa, Depatman an refize mande konpayi distribisyon yo bay kliyan yo yon lèt oswa yon imel kominikasyon pou chak pwosedi. Men, Depatman an twouve li benefik pou mande konpayi distribisyon yo bay kliyan yo yon imèl kominikasyon anyèl ak enfòmasyon sa yo: (1) enfòmasyon kontak pou konpayi an; (2) yon lyen nan sit entènèt konpayi an ak yon lis tout ka annatant devan Depatman an; epi (3) disponiblite nenpòt opsyon pou "dezabone" (pa egzanp, tèks oswa imèl) pou resevwa enfòmasyon sou pwosedi Nivo 1. Règleman sou Nivo ak Sansibilizasyon § 2.d. Depatman

an ankouraje konpayi distribisyon yo tou pou mete enfòmasyon sa yo nan nouvo pake akèy kliyan yo ak bilten chak trimès yo (oswa jan yo pwograme yo).

3. Apwòch gradyèl sou Aplikasyon Inisyèl Sansibilizasyon

Pwojè Règleman Depatman an pa t abòde si egzijans pou petisyonè yo ranpli plan sansibilizasyon ak petisyon yo pral anvigè imedyatman apre yo te pibliye politik final Depatman an nan pwosedi sa a oswa si aplikasyon plan sansibilizasyon petisyonè a pral fèt gradyèlman. Konpayi distribisyon yo ak PLAN an sipòte yon apwòch pa etap, tandiske CLF ak EDF pa fè sa (Komantè Konpayi Distribisyon nan 10; Kòmantè PLAN nan 5; Kòmantè CLF ak EDF nan 5). Apre revize kòmantè yo, Depatman an detèmine ke yon apwòch pa etap pou premye aplikasyon plan sansibilizasyon petisyonè yo apwopriye. Pandan premye 180 jou apre yo te bay lòd sa a, petisyonè yo dwe: (1) fè kontak ak lidè minisipal ak kominotè nan teritwa sèvis yo pou devlope yon lis sansibilizasyon yo dwe itilize pou distribye materyèl yo depoze davans, avi Depatman, ak lòt materyèl ki enpòtan pou pwosedi Nivo 1; (2) jwenn resous ki nesesè pou bay sèvis tradiksyon ak entèpretasyon egzat pou pwosedi Nivo 1; epi (3) mete ajou Depatman an sou pwogrè yo. Nan 180 jou apre dat Dekrè sa a, petisyonè ki sijè a Règleman sou nivo ak Sansibilizasyon yo dwe kòmanse ranpli plan kontak ak rezime nan lang klè avèk nenpòt petisyon k ap chèche revizyon ak apwobasyon Depatman an.

V. KONKLIZYON

Nan Règleman sou Nivo ak Sansibilizasyon an, Depatman an te rafine ak enkòpore tablo nivo yo te pwopoze pou diskisyon nan konferans Teknik 24 jiyè 2023 a. Anplis de sa, Depatman an te etabli Règleman sou Nivo ak Sansibilizasyon pou bay petisyonè yo konsèy klè sou nivo piblikasyon ak sansibilizasyon yo espere pou chak kalite pwosedi Depatman an. Finalman, Depatman an te enkòpore chanjman nan Règleman sou Nivo ak Sansibilizasyon nan Pwojè Règleman ki baze sou analiz ak konklizyon ki anwo yo.

Objektif Depatman an se pou bay tout moun ak kominote yo yon patisipasyon siyifikatif anrapò ak devlopman, aplikasyon, ak ranfòsman enèji, chanjman klimatik, ak lwa, sou règleman, ak politik anviwònman ak distribisyon ekitab enèji ak benefis ak chay anviwònman an kèlkeswa ras, koulè, orijin nasyonal, revni, oswa konpetans nan lang angle. Jan sa mansyone pi wo a, Règleman sou Nivo ak Sansibilizasyon se premye tantativ Depatman an pou kategorize pwosedi Depatman an pa nivo pou rezon piblikasyon ak sansibilizasyon. Depatman an konsidere Règleman sou Nivo ak Sansibilizasyon li yo kòm yon etap enpòtan pou fè pwosedi li yo pi aksesib pou piblik la. Sepandan, Depatman an rekonèt ke chanjman ki fèt nan Règleman sou Nivo ak Sansibilizasyon a ka apwopriye alavni tou depann de leson yo aprann ak kòmantè moun ki konsène yo, ki gen ladan kòmantè nan nenpòt gwoup travay ki etabli pou adrese pwoblèm sa yo.

VI. ÒDONANS

An konsekans, apre avi, kòmantè, ak konsiderasyon akòz, yo

BAY LÒD: Pou Depatman an etabli Règleman sou Nivo ak Sansibilizasyon jan sa endike nan dokiman an; epi

BAY LÒD TOU: Ke apati pa pita pase 180 jou apre yo te pibliye Lòd sa a, chak petisyonè ki sijè a Règleman sou Nivo ak Sansibilizasyon an dwe gen ladan l avèk depo li a yon petisyon pou revizyon ak apwobasyon Depatman an: (1) yon plan sansibilizasyon ki gen rapò ak sijè a ak pòte jeyografik pwosedi a epi ki konsistan avèk nivo egzaminasyon ki nesèsè nan nivo pwosedi a; epi (2) yon rezime nan lang klè; epi

BAY LÒD TOU: Ke Sekretè Depatman an dwe distribye pa mwayen elektwonik epi, lè yo mande l, pa kourye Dekrè sa a sou lis distribisyon Depatman an pou pwosedi sa a; epi

BAY LÒD TOU: Pou petisyonè sa a ki anba jiridiksyon Depatman an dwe respekte tout direktiv ki nan Dekrè sa a.

Anba lòd Depatman an

[Siyati]

James M. Van Nostrand, Prezidan

[Siyati]

Cecile M. Fraser, Komisè

D.P.U. 21-50-A, ANÈKS A: RÈGLEMAN SOU NIVO AK SANSIBILIZASYON

1. Kalite Pwosed

Diferan kalite pwosed Depatman an merite diferan nivo piblikasyon ak sansibilizasyon, ak sèten pwosed ki resevwa pi gwo nivo piblikasyon ak sansibilizasyon ak ka mwens enpòtan ak woutin ki mande mwens piblikasyon ak sansibilizasyon. Depatman an te detèmine ke chak nan pwosed li yo, apa sa yo espesyalman egzante de règleman sa a,¹⁰ ta dwe koresponn youn nan nivo sa yo:

- Nivo 1: pwosed ki enplike chanjman enpòtan nan règleman oswa chanjman fondamantal nan pwosis;
- Nivo 2: pwosed ki jeneralman egzije odyans piblik; epi
- Nivo 3: woutin ki jeneralman egzije odyans piblik.

Anplis de sa, Depatman an te devlope tablo nivo sa a ki endike nan kiyès nan twa nivo patikilye pwosed yo fè pati:

Nivo 1	Nivo 2	Nivo 3	
Ka Tarif Distribisyon Debaz	Règlemantasyon	Ajisteman Anyèl Tarif ki Baze sou Pèfòmans	Plan Amelyorasyon Sistèm Gaz (“GSEP”)
Avi Ankèt Enpòtan: <u>egz.</u> , <u>Envestigasyon</u> <u>Evalyasyon Avni</u> <u>Gaz Natirèl nan</u> <u>Massachusetts</u> , <u>D.P.U. 20-80</u> ; <u>Sèvis</u> <u>Debaz Envestigasyon</u> , <u>D.P.U. 23-50</u>	Plan sou Efikasite Enèji (“EE”) ak Rapò Peryodik	Depo Sèvis Debaz	Rekonsilye Mekanis, ki gen ladan men pa limite ak: Reyajisteman, Faktè Ajisteman Pansyon, Faktè Ajisteman Dekoupman Revni, Faktè rekonsilyasyon EE, Sipleman EE, Sipleman Rekiperasyon Faktirasyon Nèt, Dosye Modènizasyon Rezo, Machin elektrik, Dosye Rekonsilyasyon GSEP
Fizyon	Plan Previzyon ak Apwovizyonman	Kontra Espesyal	Depo Enfòmatif/ Administratif

¹⁰ Pwosed egzante yo enplike petisyonè oswa pleyan endividyèl k ap chèche desizyon dwa endividyèl yo, tankou pwosed jijman konsomatè yo, plent founisè konpetitif, kontestasyon chofè Transportation Network Company ak pwosed jijman Dig Safe.

Nivo 1	Nivo 2	Nivo 3	
Egzansyon pou Dekoupaj Teritwa	Faktirasyon Nèt (Faktè ki pa rekonsilye)	Depo Faktè Ajisteman Gaz	Plan Repons Ijans
Pwosedri ki gen yon gwo enpak jeyografik espesifik sou yon popilasyon EJ rès teritwa sèvis la pa pataje ¹¹	Agregasyon Minisipal	Plan Jesyon Aryere	Kalite Sèvis
Pwosedri Nivo 2 oswa Nivo 3 ki gen yon gwo enpak jeyografik espesifik sou yon popilasyon EJ rès teritwa sèvis la pa pataje	Plan Modènizasyon Rezo ak Rapò Peryodik sou Modènizasyon Rezo	Lisans Koutye/Detayan	Depresyasyon
	Finansman		
	Plan Veyikil Elektrik		
	Kontra Renouvèlman Alontèm		

Tablo sa a fèt pou sèvi kòm gid pou petisyonè yo anvan yo depoze petisyon yo, pou yo ka fè nenpòt sansibilizasyon ki nesèsè anvan depo a. Anvan depo yon petisyon, yon petisyonè ka konsilte Depatman an pou konnen ki nivo ki aplike. Depatman an pral revize nivo yon petisyonè chwazi pou chak pwosedri, men li p ap detèmine nivo ki apwopriye pou yon pwosedri eksepte sou demann petisyonè a oswa kote Depatman an konsidere li nesèsè.

2. Egzijans pou Sansibilizasyon pou Chak Nivo

a. Pwosedri Nivo 1

Pwosedri Nivo 1 yo dwe resevwa piblikasyon ak efò sansibilizasyon sa yo: piblikasyon enpòtan sou sitwèb petisyonè a; afich nan jounal; sansibilizasyon pou moun ki enterese ak lis sèvis yo; ak sansibilizasyon pou lidè minisipal ak kominotè yo. Petisyonè yo dwe travay avèk pati konsène yo nan kominote ki afekte yo pou yo devlope plan sansibilizasyon yo epi detèmine ki platfòm oswa ki kote yo itilize pou pibliye avi yo. Petisyonè yo dwe fè sansibilizasyon ak lidè minisipal yo ak lidè kominotè yo omwen 30 jou anvan yo depoze yon petisyon bay Depatman an. Nan sikonstans kote yon petisyonè pa kapab fè sansibilizasyon ak lidè minisipalite ak kominote a omwen 30 jou anvan yo depoze yon petisyon, petisyonè a ta dwe mete yon eksplikasyon sou rezon ki fè li pa t kapab fè sansibilizasyon sa a nan delè sa a.

¹¹ Pou kalifye kòm yon pwosedri Nivo 1 sou baz sa a, pwosedri a dwe genyen: (1) yon enpak inik ak espesifik sou yon popilasyon EJ nan yon zòn jeyografik patikilye nan teritwa sèvis petisyonè a ki pa pataje tout teritwa sèvis la (pa egzanp, anplasman yon estasyon oswa fèm solè nan yon popilasyon EJ); epi (2) yon enpak materyèl sou sekirite, sekirite, fyab nan sèvis, abòdab, ekite, oswa emisyon GHG.

Petisyonè yo dwe fè kontak atravè omwen de kanal kominikasyon epi yo dwe bay kliyan yo kapasite pou yo dezabone nan kominikasyon atravè imèl oswa mesaj tèks. Pou notifikasyon imèl ak tèks bay kliyan yo, notifikasyon sa yo ap fèt sèlman pou kliyan sa yo ki gen adrès imèl oswa nimewo telefòn nan dosye yo avèk petisyonè a epi ki pa t refize resevwa notifikasyon sa yo. Avi imèl ak rezo sosyal yo ka konbine avèk lòt imèl ak afich pou kliyan yo pou senplifye epi redwi kantite kominikasyon yo. Pou ensèsyon nan bòdwo yo, yo dwe diferansye enfòmasyon bòdwo yo ak lòt enfòmasyon sou bòdwo yo (pa egzanp, ekri an lèt detache fonse, yon anvlop koulè diferan, oswa gwo karaktè).

Pou pwosedi Nivo 1 yon petisyonè kòmanse, petisyonè yo dwe fè tout aranjman epi kouvri tout depans ki asosye ak sèvis aksè nan lang (sa vle di, sèvis tradiksyon ak entèpretasyon). Chak petisyonè dwe etabli yon pwèn kontak ki responsab pou reponn a demann pou tradiksyon oswa entèpretasyon epi bay enfòmasyon kontak sa a nan materyèl yo depoze davans yo ki distribye nan kad efò sansibilizasyon yo.

Petisyonè a dwe tradui materyèl pou depoze anvan yo, tankou rezime nan lang klè, epi distribye yo kòm yon pati nan efò sansibilizasyon yo omwen 30 jou anvan yo depoze petisyon an. Pou pwosedi Nivo 1 ki gen enpak sou tout teritwa sèvis yo, petisyonè yo dwe tradui materyèl ki depoze davans yo nan twa premye lang yo pale nan Commonwealth la (sa vle di, Panyòl, Pòtigè, ak Mandaren) ak nenpòt lòt lang petisyonè yo mande oswa jan sa detèmine an kowòdinasyon ak lidè minisipal ak lidè kominote yo. Anplis de sa, moun ki enterese yo ka mande pou yo akomode lòt lang pou nenpòt pwosedi Nivo 1. Pou pwosedi Nivo 1 ki gen yon enpak jeyografik espesifik ak enpòtan sou yon popilasyon EJ rès teritwa sèvis la pa pataje, petisyonè yo dwe kowòdone ak lidè minisipal ak kominotè nan kominote sa yo pou detèmine lang ki apwopriye pou tradiksyon.

Anplis de sa, pwosedi Nivo 1 yo dwe gen avi tradui ak sèvis entèpretasyon nan odyans piblik la. Petisyonè yo, an kowòdinasyon ak Depatman an, ka detèmine lang ki nesèsè pou avi ak sèvis entèpretasyon nan odyans piblik apre yo fin depoze petisyon yo.

b. Pwosedi Nivo 2

Pwosedi Nivo 2 yo dwe resevwa piblikasyon ak efò sansibilizasyon sa yo: piblikasyon enpòtan sou sitwèb petisyonè a¹²; afich nan journal kote sa nesèsè; sansibilizasyon pou lis sèvis yo; ak nenpòt lòt piblikasyon oswa kontak Depatman an mande.

¹² Egzijans sa a pa aplikab pou ti petisyonè yo, tankou koutye, ki pa kenbe pwòp sit entènèt yo.

c. Pwosedì Nivo 3

Pwosedì Nivo 3 yo dwe resevwa piblikasyon ak efò sansibilizasyon sa yo: piblikasyon enpòtan sou sitwèb petisyonè a; sansibilizasyon pou lis sèvis yo; ak nenpòt lòt piblikasyon oswa sansibilizasyon Depatman an mande.¹³

d. Tout Pwosedì yo selon Nivo

Konpayi distribisyon yo dwe bay kliyan yon kominikasyon atravè imèl chak ane avèk enfòmasyon sa yo: (1) enfòmasyon kontak pou konpayi an; (2) yon lyen nan sit entènèt konpayi an ak yon lis tout ka annatant devan Depatman an; epi (3) disponiblite nenpòt opsyon pou "dezabone" (pa egzannp, tèks oswa imèl) pou resevwa enfòmasyon sou pwosedì Nivo 1.

3. Plan Sansibilizasyon Petisyonè a

Chak petisyonè nan yon pwosedì ki gen nivo ki sijè a règleman sa a dwe genyen ladan l ak depoze yon petisyon pou Depatman an revize ak apwouve: (1) yon plan sansibilizasyon ki gen rapò ak sijè a ak pòte jeyografik pwosedì a epi ki koyeran avèk nivo egzaminasyon ki nesèsè nan nivo pwosedì a; epi (2) yon rezime pwosedì a nan langaj klè epi ki fasil pou konprann, ki eksplike objektif depo a, epi ki idantifye konsekans tarif potansyèl pwosedì a sou kliyan yo.

Pou pwosedì Nivo 1, plan sansibilizasyon an dwe gen ladan: (1) yon lis òganizasyon minisipal ak kominotè yo pral bay avi a; (2) plan yo pou sèvis tradiksyon ak entèpretasyon (ki gen ladann ki lang ak jistifikasyon pou lang sa yo); (3) rezime nan lang klè; epi (4) yon deskripsyon sansibilizasyon ki deja fèt ak nenpòt lòt efò sansibilizasyon yo prevwa. Pou pwosedì Nivo 2 ak Nivo 3, petisyonè yo ka kreye yon plan kontak estanda, avèk mizajou peryodik jan sa nesèsè, epi yo ka pèsonalize plan kontak estanda yo jan sa apwopriye pou teritwa sèvis yo, kliyan yo ak pati konsène yo.

¹³ Kliyan yo ap kontinye resevwa avi 30 jou sou chanjman nan tarif sèvis debaz yo. Tarif ak Apwovizyonman Sèvis pa Defo, D.T.E. 99-60-C nan 7 (2000).